

Fòm Konsantman Pwojè Mezi nan Tout-Vil la– Tanpri siyen epi retounen

ChèParan/Gadyen,

Pwogram sa ap fè pati nan yon pwojè pwogram evalyasyon tout vil la (“Pwojè mezi a”) pou tout oswa yon pati nan ane a apati Me 2018-Jiyè 2019. Boston After School & Beyond, Inc. jere Pwojè Mezi sa (“BASB”), nan chèche pou konprann kalite tan ansèyman pwolonje apre lekòl nan Greater Boston ak kijan pwogram yo sipòte devlopman konpetans ak aprantisaj elèv yo. Plizyè òganizasyon rechèch pral ede nan pwojè mezi a: Enstiti Nasyonal sou Tan apre lekòl [National Institute on Out-of-School Time (NIOST)], The PEAR Institute (“PEAR”), Pwogram nan Edikasyon Apre lekòl, ak Rezistans [Program in Education, Afterschool, and Resiliency (PEAR)], the RAND Corporation ak Expand ED Schools (kolektivman, “Òganizasyon Rechèch yo”). **Lè ou ranpli, siyen, epi retounen Fòm Konsantman sa, ou rekonèt epi dakò avèk sa ki annaprè a**

1. BASB, Research Organizations, ak Boston Public Schools (“BPS”) ap gen aksè a demografik ak enfòmasyon akademik ki annaprè a sou pitit ou (ke yo jwenn nan Pwogram ak/oswa BPS): prezans elèv la nan pwogram lan, lekòl ou te frekante, ras, sèks, klas, laj/dat nesans, estati Elèv kap aprann lang Angle (ELL), kòd postal kay la, prezans pandan ane lekòl (jou prezan, jou anreta, pousantaj), dosye disiplin (ensidan sispansyon total, jou sispansyon, ekspilsyon), rezilta tès, State Assigned Student Identifier (SASID) ak ID Lekòl Piblik Boston. Done sa yo konfidansyèl e yap itilize yo pou evalyasyon nan bi pou amelyore tan pwogram andeyò lekòl la.
2. Yo ka mande elèv yo ki nan klas 4-12 ane pou ranpli yon *sondaj ki rele NIOST sou Rezilta Jèn ak Edikasyon [Academic and Youth Outcomes (“SAYO Y”)]*. The SAYO Y se yon rezime kout ke yap pran nan fen pwogram nan ki mande elèv yo osijè eksperyans yo nan pwogram lan avèk plan yo pou lavni. Patisipasyon nan sondaj la volontè e elèv yo ka sispann li a nenpòt kilè san pa gen okenn penalite. Yo pap pataje repons endividyèl yo avèk Pwogram nan. Si ou ta gen nenpòt kesyon sou sondaj sa, itilize done sa yo, oswa patisipasyon pitit ou, kontakte Dr. Georgia Hall nan (781) 283-2530 oswa ghall@wellesley.edu, oswa Nancy L. Marshall nan nmarshall@wellesley.edu.
3. Yo ka mande elèv yo ki nan klas 5 - 12 ane pou ranpli yon sondaj ki rele Evalyasyon Olistik Elèv [Holistic Student Assessment (HSA) ak/oswa Sondaj Enstrimen Komen [Common Instrument survey (“CI”)], ke PEAR te devlope. HSA se yon zouti ki kapab apwofondi konpreyansyon bezwen ak fòs emosyonèl sosyal elèv la. Elèv yo ap ranpli yon sondaj kout sou tèt yo, omwen yon fwa ak plis de fwa. Pwogram nan ap itilize rezilta HSA yo pou kiltive pwèn fò, abilite, ak siksè akademik chak elèv. CI la se yon sondaj kout ke yo ranpli yonsèl fwa ki evalye enterè elèv la nan syans, teknoloji, jeni, ak matematik. Yap itilize rezilta CI pou amelyore kontni ak livrezon pwogram nan. Patisipasyon nan sondaj la volontè e elèv yo ka sispann a nenpòt kilè san pa gen okenn penalite. BASB, BPS, ansanm avèk Òganizasyon Rechèch yo ap gen aksè avèk done ak rezilta HSA ak CI. PEAR rezève dwa pou itilize tout done HSA ak CI pou alafwa rechèch ak bi edikasyon. Si w ta gen nenpòt kesyon osijè HSA oswa CI, kontakte Jane Aibel nan 617-484-0466 ekstansyon 204 oswa jaibel@mclean.harvard.edu.
4. BASB ak/oswa patnè/ajan yo ka fè anrejistreman videyo oswa pran foto sou patisipasyon pitit ou nan pwogram nan itilize videyo ak/oswa fotografi dijital. Yo ka pran imaj sa yo anvan, pandan, oswa apre pwogram nan. Yo ka itilize imaj sa yo nan bi pou pataje patisipasyon pitit ou ansanm avèk pèspektiv ki asosye a yon odyans piblik. Yo ka pibliye imaj yo, afiche oswa jwe yo atravè yon varyete chanèl kominikasyon, enkli men ki pa limite a enprime, televizyon, ak/oswa sou entènèt.

Konfidansyalite sou Done ki Kolekte a

Patisipasyon pitit ou nan koleksyon done Pwojè Mezi a ap ede nou pi byen konprann tan pwogram apre-lekòl nan Greater Boston. Yap kenbe konfidansyèl tout done ki kolekte yo ki ka idantifye pitit ou. Nan rapò rezilta rechèch yo, nou pral rapòte sèlman gwoup done ak/oswa done ki pa bay idantifikasyon w. A okenn moman ak nan okenn fason yo pa pral idantifye yon elèv nan yon rapò piblik. Sèl eksepsyon nan konfidansyalite se pral nan ka kote nenpòt enfòmasyon ki pibliye ap endike ke timoun nan andanje.

Tanpri ranpli, siyen, epi retounen:

Lè mwen siyen fòm sa ki anba, mwen bay pèmision pou pitit mwen patisipe nan pwojè Mezi a, e mwen rekonèt ke mwen te li, konprann, epi aksepte tout aspè yo nan pwojè mezi a ki dekri nan fòm sa. Pwogram nan pral bay pitit mwen sèvis keseswa ou non mwen siyen fòm sa a.

Pwogram kote pitit ou enskri: _____

Non Konplè Timoun nan (Prenon, Dezyèm Prenon, Non Fanmi): _____

Dat Nesans Timoun: _____ **# ID Lekòl Timoun nan Enskri a:** _____

Sèks Timoun: _____ **Klas Timoun nan (Ane Lekòl 2018-2019):** _____

Non Paran / Gadyen: _____ **Relasyon avèk Timoun nan:** _____

****SIYATI PARAN/GADYEN **:** _____ **Dat:** _____